# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव के नाते लागल आचार संहिता के चलते पछिला दुई महिन्ना से बन्न मुख्यमंत्री क जनता दरसन कार्यक्रम आजु से फेरि चालू हो गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ राजधानी लखनऊ स्थित अपने सरकारी आवास पर आजु भिन्नहीं फरियादियन से भेंटि कइलें। उहां के सज्जों लोगिन के बात के सुनले के बादे उनकर समेस्या के निपटारा खातिर अधिकरियन के निरदेसित कइले। येह दौरान मुख्यमंत्री कहलें कि आम लोगिन के कारयन क अनदेखी बरदास्त नाही कइल जाइ। जनता से जुड़ल मुद्दा सरकार के प्राथमिकता में हवे। मुख्यमंत्री से आजु मिले वालन क सख्या बहुते ढेरि रहल, येहमें नौवजवाननों क बढ़हन सख्या सामिल रहल।

**********

लोकसभा चुनाव खतम भइले के बादे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु सासन के सज्जों अपर मुख्य सचिव, अउर मुख्य सचिव स्तर के अधिकरियन के साथे बइठकी कइके उनकरे विभाग के कार्यन क समीक्षा कइले। येह दौरान मुख्यमंत्री सीएम डैसबोर्ड पर लाभार्थी परक योजनन क पुरहर विवरण अपडेट कइलें अउर खाली पदन पर नियुक्ति क प्रक्रिया तेज कइले क निरदेस दिहले। उर्जा विभाग के समीक्षा करत उहां के कहली कि गांव होखे चाहे सहर बिजुली तब्बे कटे जब बहुते जरूरी होखे। मुख्यमंत्री मंडल स्तर पर महिला संरक्षण गृह स्थापित कइले क निरदेसो दिहले।

**********

बुलंदशहर में भारतीय खाद्य निगम के गोदाम से रासन क कालाबजारी के सिकाइतिन के मामिला मे सासन ओहां के जिला आपूर्ति अधिकारी, जिला खाद्य विपणन अधिकारी, विपणन निरीक्षक अउर पूर्ति निरीक्षक के निलंबित कइ दिहले हवे। इनके खिलाफ विभागीय कार्यवइयों सुरू कइ दिहल गइल हौ। येह बारे में खाद्य अउर रसद आयुक्त सौरभ बाबू बतवलें कि बुलंदशहर में भारतीय खाद्य निगम के गोदाम से रासन के कालाबजारी के सिकाइत पर जिलाधिकारी, अपर जिलाधिकारी प्रसासन के अध्यक्षता में समिति क गठन कइ के जांचि करवले रहलें। येह मामिला में सात लोगिन के खिलाफ अभियोगों पंजीकृत करावल गइल हौ।

**********

अखिल भारतीय आयुर्विज्ञान संस्थान, एम्स गोरखपुर में आजु से हृदय से जुड़ल बेमारियन क इलाजों सुरू हो गइल हौ। एकरे ओपीडी क शुभारंभ एम्स गोरखपुर के कार्यकारी निदेसक प्रोफेसर गोपाल कृष्ण पाल कइले। उहां के बतवले कि ओपीडी में हृदय रोग विसेषज्ञ डाक्टर मोहम्मद आतिफ खान क सेवा मरीजन के आजु से मिले लगल हवे। सथहीं हृदय रोगियन के जुरते जांच बदे ईको मसीनों मंगा लिहल गइल हौ जबकि ईसीजी क सुविधा ईहा पहिले से उपलब्ध रहल।

**********

लोकसभा चुनाव के बादे उत्तर प्रदेश लोकसेवा आयोग भर्ती परीक्षा के संसोधित सूची जारी कइ दिहले हवे। जून से दिसंबर महिन्ना ले आयोग चौदह गो परीक्षा क आयोजन करी। एकरे तहत पीसीएस क प्रारम्भिक परीक्षा सत्ताइस अक्टूबर के होई। इकरे अलावे पेपर लीक भइले के नाते ग्यारह फरौरी के रद्द कइल गइल समीक्षा अधिकारी अउर सहायक समीक्षा अधिकारी क प्रारंम्भिक परीक्षा अब बाइस दिसंबर के आयोजित कइल जाई।

**********

बुंदेलखण्ड विश्वविद्यालय के तत्वावधान में राज्य स्तरीय संयुक्त बीएड प्रवेस परीक्षा दुइ हजार चौबीस आगिला नौ जून के होई। प्रवेश परीक्षा में सामिल होखे बदे अभ्यर्थियन के प्रवेश पत्र जारी कई दिहल गइल हवे। अभ्यर्थी बुंदेलखण्ड विश्वविद्यालय के वेबसाइट से प्रवेस पत्र डाउनलोड कइ सकेलें।

**********

शिक्षा क अधिकार अधिनियम, आरटीई के नियमन के तहत निजी स्कूलन में पच्चीस फीसदी सीटिनि पर आरथिक रूप से कमजोर परिवारन के लइकन क मुफ्त प्रवेस लिहल जाला। गोरखपुर में जवन निजी स्कूलन में येह नियम के तहत जवन सीट खाली रह गइल हइनि ओह पर प्रवेस खातिर फेर से आवेदन लिहन जाइ। येह बारे में गोरखपुर के बेसिक शिक्षा अधिकारी रमेन्द्र कुमार सिंह बतवलें कि राज्य परियोजना कार्यालय के निरदेस पर स्कूलन से खाली सीटिनि के सापेक्ष नामांकन क सूचना मांगल गइल हवे।

**********

देश क पहिला सहरी परिवहन रोप–वे देव दीपावली से बनारस में सुरू भइले क पुरहर आगम हवे। सिटी रोप–वे के संचालन से बनारस में जाम के समेस्या से बहुत हद तक छुटकारा मिली। रोप–वे क निर्माण आठ सौ सात करोड़ रूपिया के लागत से हो रहल हौ।

**********

देश में पाल नौकायन यानी सेलिंग क पहिल लीग प्रतियोगिता गोरखपुर के रामगढ़ताल में आयोजित करवले क फैसिला लिहल गइल हौ। प्रतियोगिता क आयोजन भारतीय सेना, मुख्यालय मध्य कमान अउर उत्तर प्रदेश सरकार के तत्वावधान में होई। एके लेके काल्हि गोरखपुर के कमिश्नरी सभागार में सेना अ प्रदेस सरकार के अधिकरियन के एगो बइठकी भइल जेहमें गोरखपुर क मण्डलायुक्त अनिल ढींगरा के लीग

प्रतियोगिता क नोडल अधिकारी नामित कइल गइल। मण्डलायुक्त बतवले कि प्रतियोगिता नवंबर महिन्ना के आखिरी हफ्ता में आयोजित कइल जाइ । बइठकी के बादे अधिकारी रामगढ़ताल क निरीक्षणों कइलें।

**********

भीषण गर्मी से जूझ रहल लोगिन के मौसम के मिजाज में आइल बदलाव से बहुते राहत मिलल हौ। आजु तड़के प्रदेस के पूर्वी मध्य अउर पच्छिमी जिलन में तेज बेयार के साथे बरखा भइले से लोग गरमी से राहत महसूस कइलें। येह बिच्चे मौसम विभाग बिहने पूर्वी जिलन में मौसम सामान्य रहले क अनुमान जतवले हवे।

**********